


Arulin di Pilemburan

EUSINA

Klik judul-judul di handap ieu, salira baris dijajapkeun langsung kana kaca anu dimaksud.

Alap-alap – kaca 2
Titinggi ula-ali – kaca 7
Sapa punya – kaca 9
Ambil-ambilan – kaca 12
Momonyétan – kaca 15
Kali-kali konéng – kaca 18
Ngawihan téténggék - kaca 21
Sisireuman – kaca 25
Ucing beling – kaca 28
Pacici-cici putri – kaca 30
Alung boyong – kaca 34
Ucing batu – kaca 37
Cacauan – kaca 40
Timpugan – kaca 42
Ucing sumput – kaca 47
Bubuyungan – kaca 51
Papanggalan – kaca 55



Ieu eBook basa Sunda téh kalebet kana **donationware**, nyaéta ebook atanapi software anu henteu dikomérsilkeun, namung kanggo anu ngaraos kataji tur hoyong ngarojong sumebarna éBook basa Sunda di internét, tiasa ngintunkeun **donasi mangrupi pulsa** (ageungna teu diwatesanan) ka nomer **0852 2364 4975**.

ALAP-ALAP

Pangangonan ogé tara kaliwat. Sawah, kebon atawa tegalan sok dipaké pangulinan barudak di pilemburan. Kawas harita dina wanci Asar. Itoh, Abih, Anan, Enas, Ikik jeung Anih, masih kénéh di sawah keur ngarangon domba. Sawahna garing kahalodoan tur anyar kénéh dipibuatan. Kotakanana lalega, laluasa mun dipaké arulin téh. Domba angonanana aranteng deuih. Mapay-mapay galengan jeung kotakan. Ngaremus jukut jeung turian anu kakara jadi.

Barudak téh, boh awéwéna boh lalakina babarengan ngarabutan jarami jeung akar-akaran. Jebrud-jebrud dicabutan. Sok digundukkeun, saurang sagunduk séwang.

"Cap cung alap-alap! Saha nu wani maok sing busung dibéntar gelap!" Crot-crot Anih nyiduh dua kali kana gundukan jaramina anu padeukeut jeung meunang Enas. Sieun beubeunanganana aya nu maok.

"Piraku atuh euy wani maok nu batur da nu uing ge geus loba. Geura urang paluhur-luhur. Tuh geuning luhur kénéh nu uing, nya?" témbal Enas bari nuduhkeun beubeunanganana.



"Arenggeus euy atawa aracan?" cék Ikik anu jadi gegedugna nanyakeun ka babaturanana.

"Ké, karék meunang dua gunduk!" témbal Abih.

"Buru-buru atuh. Kari ngagundukkeun keur 'indungna'. Geus dicontoan ku déwék, tah dua gunduk!" cék Ikik bari ngarahuh, capé. Gék diuk, nyanghunjar dina galengan. Ngadagoan nu séjén.

Bru-bru deui nu séjénna nambahan gundukan piindungeun, hanca Ikik tadi téa, mani beuki ngahunyud.

"Enggeus euy?" Ikik nanya sakali deui ka babaturanana.

"Enggeus, lah!" témbal sawatara babaturanana bari haruhah-haréhoh. Tuluy nyampeurkeun ka Ikik.

"Ké heula, urang reureuh sakeudeung. Capé, jeung ieu curuk mani peurih, kakését jarami," cék Anan.

"Lah, reureuh mah engké baé bari ngahénén ari nyumput. Hayang geura buru-buru ucing-ucinganana!" cék Anih.

"Heueuh lamun teu jadi ucing mah. Kumaha lamun pareng jadi ucing pan leuwih capé?" Anan rada nyengor ka Anih.

"Geus lah! Urang buru-buru priskeun ku déwék. Ulah paloba-loba omong bisi tuluy paraséa," Ikik megatan omongan anu duaan.

Barudak ngarariung, nyangharéup ka Ikik anu ngeupeul jukut carulang genep gagang. Kembangna sina rancung ka luhur. Ari gagangna buni kakeupeul ku leungeun nu katuhu.

"Sok euy, geura ngarumpul!" cék Ikik.

Ceg barudak téh ngareupeul gagang jukut nu di acungkeun ku Ikik, hiji séwang.

Pok Ikik ngawihan:

"Cit kucuit

demang kuntul

Sirit tikait

bongan tungkul....."

"Ah, ah sudi ah! Teu kaci. Naon jorang ngawihanana!" Anih protés bari jamedud.

"Har, apan ambéh seuri, ambéh bungah," cék Ikik bari ngagakgak. Nu séjén ogé saleuseurian deuih.

"Ké urang balikan deui atuh," cék Ikik.

"Ciiit kucuit

demang kuntul.

Saha nu ngait

meunang pendul!"

Crot-crot nyiduhan leungeunna nu dipaké nyekelan jukut téa. Bray dibuka. Pris!!!

"Alah, déwék ucing euy. Meunang nu dicangreudkeun!" cék Anan, semu horéameun jadi ucingna.

"Untung euy déwék teu nyekel nu rada jangkung. Mun kitu téh jadi ucing cikalna," cék Abih semu atoh.

"Pék euy, geura depa atuh di gigireun jarami indung," Ikik nitah ka Anan.

Brék Anan depa. Nu séjénna riab tuluy nyarumput bari depa di gigireun gundukan jarami nu réa sabeunangna-sabeunangna téa. Dina hiji gundukan teu meunang aya nu nyumput duaan atawa tiluan.

"Enggeus euy?" ucing nanya bari rada cengkat.

"Geus!" aya nu némbalan rada jauh.

Teu wudu ucing téh rada riweuh. Barieukeun milih gundukan nu disumputan téh. Tumpukan jarami aya 12 tumpuk, ari nu ditéangan ngan limaan. Los ka dieu lowong, los ka ditu kosong.

Kaciri aya nu rada mucunghul, tonggongna rada papak jeung gundukan jarami. Ikik nyumput di dinya. Niatna mah rék nipu ka ucing. Gundukan jarami nu pendék, moal enya dipaké panyumputan ku nu jangkung. Tapi ucing rancingeus, teu éléh siasat. Apal kana warna baju nu nyumput di dinya.

"Hong Ikik!" cék ucing ngagentak. Pucunghul, beretek Ikik lumpat miheulaan ucing nu geus lumpat ti heula muru tempat indung.

Siet, plek, juralit Ikik jungkir. Koprol miheulaan ucing hayang nepi kana jarami indung. Blak awakna tibeubeut. Nyeri-nyeri ogé, awakna téh siga nu teu dirasa. Bungah baé nu aya bisa miheulaan ucing, nepi kana tempat indung.

"Meunang, heula déwék lah!" Ikik haruhah-haréhoh. Atoh jeung capé bari nepakan dadana.

"Sugan téh moal nyabet ku jungkir euy, hanas déwék haré-haré," ucing rada ngahéab haténa."

"Keun lah, opatan deui, rék taki-taki déwékna."

Nu opatan nungtut ka"hong"keun ku ucing, sarta kabéh aréléh. Euweuh nu bisa miheulaan lumpat muru kana tempat indung téa.

Ari Ikik jeung Anan mah dina iangan nu ka dua teu kudu milu dibilangan deui. Bye (baca : bay) mun dina istilah pertandingan olah raga mah. Kari nyarumput baé. Kari nu tiluan, nangtukeun saha-sahana nu jadi ucingna. Itoh kagiliran milangan, nunjukkan bari ngawihan, pokna:

"Blag-blig-blug
jambé ngora
Budak ngajeblug
euweuh ka éra"

"Abih ucing!" cék nu séjénna. Bring lalumpat. Nyarumput sanggeus Abih depa di palebah indung.

Saurang, dua urang nungtut geus ka"hong"- keun ku Abih. Sanajan rada lila ogé Abih aya milik. Teu kapiheulaan ku batur na dina muru tempat indungna. Jadi Abih nu meunang. Geus kitu diteruskeun kana iangan ka tilu. Itoh nu kaparengkeun jadi ucingna.

Ari rék maju kana iangan ka opat, barudak téh rareureuh heula, dariuk dina galengan, ngajajar. Kalayang aya alap-alap ngalayang di luhur.

"Alah itu aya alap-alap gedé naker. Buluna rada kondang!" cék Abih rada tanggah.

Barudak nu séjénna ogé taranggah deuih sarta ujug-ujug breng baé karakawihan:

"Alap-alap pangngigelkeun
dibéré kadal sepotong
Alap-alap pangngigelkeun
dibéré cau sepotong"

"Tuh ngigel nya. Hideng, mani ngiplik baé salila-lila. Kawas nu ngarti sato ogé ari dikawihan mah," cék Abih.

"Heueuh baé nya" témbal sareréa.

Soloyong, siet.....ka handap. Pung deui ka luhur. Alap-alap téh teup eunteup dina tangkal randu di sampalan béh ditueun sawah.

"Walah, mani ngan sakilat. Nyamber naon nya euy?" cék Anan ka batur-batur na.

"Galak nya alap-alap mah. Kawas dina carita wayang baé, make maling pangantén sagala geuning, dina lalakon "Alap-alap Dursilawati" mah.

"Enya galak, pedah sok nyambéran sasatoan séjén. Keur urang mah aya alusna. Tuh itu ogé meureun keur ngahakan "Si Monyong" nu diranggeum bieu téh. Hama paré urang ditumpes tah ku nu kitu Urang kabantuan jasa nya?" cék Ikik.

"Heueuh nya" témbal batur-baturna.

Beuki lila poé téh beuki nyedek ka burit baé. Layung mimiti hibar ti beulah kulon. Di sawah beuki tiiseun da barudak geus baralik, ngagiringkeun angonan ka lemburna bari kebek ku kabungah. Ulin seubeuh. Angonan buncir.

TITINGGI ULA-ALI

Saméméh arindit ka pangajian, mun pareng pasosoré hade poéna, barudak awéwé nu umurna rata-rata 8 nepi ka 11 taun arulin heula. Itung-itung ngadagoan bedug magrib. Sampingna nu sok diparaké dina ngaji, ditareundeun heula ditumpukkeun dina balé-balé. Ari tiungna atawa karémbong mah teu ditunda, tapi dibeubeurkeun, kawas nu rék ngarigel.



Tungtung karembong anu ngarumbayna pada nyarekel, manjang atawa ngantay ti hareup nepi ka tukang, kawas karéta api atawa titinggi.

Ikoh nangtung panghareupna, jadi hulu atawa lokomotipna mun dina karéta api téa mah. Disambung ku Ursih, anu kadua nyekel karembong Ikoh. Ursih disebutna beuheung. Uta, Énén, Éni, Kokom jadi awakna, ari Onah nu pangpandeurina jadi buntutna.

"Geus sadia ieu téh?" cék hulu nanya ka sareréa.

"Enggeus!" témbal sareréa. Tuluy papageuh-pageuh nyarekel karémbong téa. Brek rada darongko. Dimimitian atawa diluluguan ku hulu.

"Yu urang mimitian maju!" cék hulu. Majuna rada ongko-ongkoan. Bulat-beulit, arula-arileu, ngurilingan buruan, bari raéng karakawihan,

"Titinggi ula-uli
papagan urang Kawali
pais tipung digulaan diteun-
deun di catang hawu ditéang
enyut bilatung!"

Kira-kira geus meunang 3 - 4 kuriling, top hulu téh nyokot dangdaunan atawa rokrak, dibikeun ka beuheung bari ngomong, (antayan mah tetep maju kénéh, henteu cicing), "Ieu mihapé hayam!"

Ditampunan ku beuheung, beuheung mikeun ka awak, mapay tug nepi ka buntutna, silihpihapékeun. Ari Omah, buntutna, teu kabagéan pikeun mihapékeunana, ngan belewer baé dangdaunan atawa rokrak téh dialungkeun.

Hulu nanyakeun ka beuheung, "Di mana hayam aing?"

"Dipihapékeun!" témbal beuheung.

Beuheung mapay nanyakeun ka awak, awak nanya ka buntut.

Buntut némbalan, "Euweuh dihakan heulang!"

Hulu ambek, tuluy ngudag-ngudag buntut sina néangan nu leungit. Ari geus kapanggih, bagilir, si buntut kudu jadi hulu titinggi, ari hulu jadi beuheung. Kitu baé meunang sababaraha balikan nepi ka pada kagiliran jadi hulu atawa buntut.

"Tah euy, Si Jali geus adan di munara masjid!" cék Ikoh bari top kana samping nu ditunda dina balé-balé téa, ditaluturkeun ku babaturanana rék pada beberesih.

SAPA PUNYA

Maleman tanggal opat welas, cahaya bulan ngebrak caang matak resep lamun ulin, ngadon mulan di buruan. Harita ogé bada Isa, budal ti pangajian téh barudak awéwé teu tuluy waka ngarampih, tapi caricing heula dina golodog jeung balé-balé imah Ambu Édod, nu kabeneran keur émok dina samak bari nutuan seupaheun dina lolodok.

"Sukur nu gareulis, nu balageur," cék Ambu Édod, mani ngariung kieu. Resep nya mulan! Ulah waka ka arimah, itung-itung maturan kami naheur cai, bari ngadagoan Abahna balik ti tajug."

"Enya Ambu," témbal Yoyoh, budak nu panggedéna.

"Pek atuh sing jongjon arulin, naon baé nu dipikaresep!" cék Ambu Édod.

"Tah, heeh meungpeung maraké kénéh samping jeung tiung, keur ngabunianana, urang Sapa punya baé yu!" ceuk Idas nu sapantar jeung Yoyoh. Kabeneran aya sapuluh urang nya, jangkep. Jadi sabaladna lima-an-lima-an. Saha nu rék jadi balad uing?"



"Uing! Uing.....!" cék Nonoh, Eutik, Una jeung Éém.

"Tah bener, balad uing geus aya opatan, kalima uing gegedugna!" cék Idas deui. Tinggal Wiwi, Warsih, Ojah jeung Endeung jadi balad manéh, keun baé?"

"Keun baé, mending ogé pamilihan, barucit gé sugan baé palinter," cék Yoyoh rada nyungkun. Balad uing heula nu nyumput tuluy jadi sémah. Di dinya pribumi, nya?"

"Jadi kitu ogé. Jig geura nyarumput!" cék Idas. Uing sabalad-balad ngajajar di buruan ieu, nya?"

Balad Yoyoh buriak nyarumput, aya nu di pipir leuit, di pipir imah béh ditu, jeung sajabana. Balad Idas ngajéngjréng di buruan nu tadi.

Teu lila jol sémah datang. Yoyoh nu jadi ge gedugna téa ngiringkeun dagangan meunang nyimbutan sababaraha lapis, buni tina sirah nepi kana bitisna. Leumpangna dodongkoan, satengah ngorondang. Teu béda ti sudagar di Tanah Arab ngiringkeun kaldé. Barang srog, pok ge gedug pribumi nanya, "Arep apa?"

"Jual ayam!" walon ge gedug semah.

"Sapa punya?"

"Inyong!"

"Brapa regané?"

"Lima suku!"

"Sapa arané?"

"Emplon," témbal Yoyoh ngabobodo. Padahal nu sabenerna mah lain Emplon nu disimbutan téh.

Tuluy Idas ngarampaan nu disimbutan téa, malah jeung bari diélékéték atawa digoda sagala rupa, malar seuri, ngarah katangén saha-sahana, supaya kari neguh ngaran anu disimbutan téh.

Lantaran henteu kagoda, kakara Yoyoh nyarita deui, "Cing hayam disada!"

"Ciciricit," sorana dileutikkeun.

Ku Idas teu kateguh kénéh saha-sahana ngaran anu sabenerna éta hayam téh. "Cing kongkorongok rada bedas!"

"Kongkorongoooooooook!" hayam kongkorongok.

"Si Ojah!" cék Idas. Bari mukakeun simbutna.

Ari dibuka bet Si Endeung, lain Si Ojah. Idas salah neguhna.

"Sagantang! Sagantang! Sajendol! Sajendol! Urang meunang!" cék balad Yoyoh bari ribut tingkurung tina panyumputanana. Jaligrah pisan.

"Ayeuna giliran uing jadi sémah!" cék Idas bari nyéréngéh. Tuluy tingberetek nyarumput jeung batur-baturna rék tatan-tatan dagang hayam.

Beuki lila beuki rada peuting nu "Sapa punya" teu pada éléh da hasilna sarua pada tilu gantang séwang.

"Geus barudak geura ngarampih ulah kamalinaan teuing, geus peuting! Yeuh buruhna gula beureum sakurud séwang jeung cai haneut!" ceuk Ambu Édod jeung Abahna.

Barudak ribut muru seredan dina balé-balé, tingsuruput ngarinum sakali séwang da hanaang tas capé.

AMBIL-AMBILAN

Tuh geus ngagarulung deui di buruan barudak téh. Campur ayeuna mah, awéwé jeung lalaki.

Matak jarongjon ulinna ogé bubuhan malem Juma'ah, moal ngaraji. Sabataé rék heureuy ti Asar nepi ka Magrib ogé. Rék ambil-ambilan cenah ayeuna mah.

Barudakna dibagi dua bagian. Nangtung ngajajar lalaki wungkul, sajajar deui awéwé wungkul. Unggal jajaran pada boga kokolot saurang. Nini ti jajaran awéwé jeung Aki ti jajaran lalaki.

Gek incu-incuna dariuk, sagunduk-sagunduk. Aki jeung Nini mah narangtung pahareup-hareup tapi rada paanggang aya kira-kira 6 - 7 métér mah. Pok Aki nyarita ka nini, bari dikawihkeun,

"Ambil-ambilan turugtug hayam samantu." Ditémbalan ku Nini,

"Saha nu diambil kabéh ge budak pahatu." Ditémbalan deui ku Aki,



"Nyi Upi gé daék
purah nutu purah ngéjo
purah ngasakan baligo
purah calik dina lampit

purah tunggu imah gedé"

Ditémbalan deui ku Nini,
"Nyerieun sukuna kacugak ku kaliagé."
Ditémbalan deui ku Aki,
"Aya ubarna
urat guling sampuragé
tiguling nyocolan dagé."

Tuluy Upi téh dijurungkeun ku Nini sina ka Aki. Leumpangna éngké-éngkéan sarta ku batur pada nyarurakan, "Hoyah maling endog! Hoyah maling endog!" cenah.

Gék Upi diuk, ngariung jeung gundukan incu-incu Aki téa.

Geus kitu pok deui Nini jeung Aki patémbalan, cara tadi, nepi ka incu Nini béak kabéh, pindah ka Aki.

Aki ngaharéwos ka hiji budak nu panghareupna ngajurungan néang Nini, kudu diharéwosan:

Nini ka dieu ceuk Aki

Pangmaiskeun tarasi.

Disadiakeun bakakak hayam.

Beuleum hileud pais titinggi.

Gidig budak téh nyampeurkeun ka Nini, sakumaha jurungan Aki téa.

Nini teu daékeun, kalah mugen bari ngajawab, "Ah embung, sieun anjing"

Telenyeng deui budak téh ngabéjakeun deui Aki.

Cék Aki, "Téang deui kadituh Nini téh. Bari béjakeun, euweuh kituh anjingna ogé da dicancang." "

Telenyeng deui budak téh ngaharéwos ka Nini Tapi Nini ngahunted kénéh bari némbal, "Ah embung sieun digogog!"

Gidig deui budak téh ka Aki ngabéjakeun Nini nu ngahunted baé.

Aki nitah deui, "Paksa baé Si Nini téh, pangmaiskeun tarasi téa kituh. Da anjingna ogé geus dipareuncitan!"

Budak ngagedig deui ka Nini. Ari nu séjénna tingbelecet nyarumput, aya nu di pipir leuit jeung ka kolong.

Ayeuna mah Nini téh kakara daékeun nyampeurkeun ka Aki, ditungtun ku budak. Ari srog ka Aki, ari guriwel-guriwel baé leungeunna pepeta kawas nu keur nyieun paisan, bari bongkok.

Geus kitu Nini amitan rék balik. Ku Aki diandeg diulah-ulah, sono kénéh cenah. Tapi Nini maksa baé. Ari jung nangtung rék balik, ari seleber téh anu nyarumput ngarudag ngarewég Nini bari aanjingan, tinggarogog tinggaruik. Atuh Nini téh teu bisa walakaya. Gawéna aduh-aduhan bari ménta tulung ka Aki.

Aki karunyaean ka Nini. Tuluy anjing anu ngararewég téh digebah sina nyaringkah paburiak, malah aya anu api-api diteunggeulan sagala.

Bérés éta disambung ku iangan anu kadua. Ayeuna mah Aki nu ditéang ku Nini, diharéwosan ku budak, sina pangmeuncitkeun hayam. Aturan atawa prakprakan nu séjénna, teu béda ti cara dina iangan anu kahiji.

Kitu baé nepi ka kabéh incu-incuna pada kagiliran ngagenténan jadi Aki atawa Nini.

Bangun parogot pisan arulinna téh da puguh loba incuna. Eureun-eureun sotéh sanggeus dicarék ku kokolot lembur.

"Ulah kamalinaan teuing arulin téh, geus sareupna, sieun sandékala," cenah.

Buriak baé barudak téh bubar, rék ngarampih ka saimah-imahna.

MOMONYÉTAN

Tamba kesel bari nungguan domba angonanana di tegal, Encu, Usup, Idan, Otik jeung Émén dariuk dina handapeun tangkal limus.

"Naha euy mani asa tariiseun teuing?" cék Encu ka batur-baturna. Jeung caricing teu puguh mah mending urang nyieun kaulinan !"

"Heeh, meungpeung angonan aranteng deuih, nya?" témbal Usup. "Urang nanaonan atuh?"

"Urang momonyétan baé geura, ambéh mérés tanaga, babari juuh ku késang, séhat kana awak!" ceuk Encu.

"Ah embung momonyétan mah," témbal Émén nu awakna pangleutikna. "Sieun dirangsangan, pareurih beungeut, baju saroéh. Jaba urut minggu tukang ogé digégél puhu ceuli, karasa kénéh, mani asa kumaha mah!"

"Kumaha ragemna baé uing mah, rék naon, rék naon ogé, miluan!" cék Otik.

"Enggeus lah momonyétan mending gé, resep!" cék Idan jeung Usup méh bareng.



Kulantaran Émén éléh sora, usulna teu ditarima. Kapaksa amum kana kahayang nu réa.

"Sok saha nu sanggup jadi monyét pangheulana?" cék Encu, ngokolotan. Nu séjén ngabaretem ari ditanya kitu mah.

"Manéh baé Otik nu pangheulana, nya? Kudu daék da engké pada kagiliran!" cék Encu.

"Jadi lah, asal ulah tarik teuing baé ngagelang ceulina, nyeri! Jeung ngagerona kira-kira deuih, bisi uing katorékan, tuluy torék!"

"Piraku teu jeung kira-kira atuh uing ogé," cék Encu. "Sok ka dieu!"

Otik nyampeurkeun ka deukeut Encu, tuluy dirariung pada ngusapan leungeunna kénca-katuhu. Ceulina pada ngagelang bari bareng diparancahan, raéng!

"Nyutnyét, nyutnyét si monyét kamalolé,
ngahakan buah kisolé
itu tiwu ieu cau
pibekeleun luluncatan
luluncatan na kiara
kiara tujuh ngajajar
lusles lusles
si monyét pohona
poho ka babaturanana.....!"

Si monyét panonna rada peureum. Tuluy diparancahan deui bari leungeunna diparencétan.

Leng, leng monyét rada katuralengan. Golédag ngagolédag. Gurinjal ngagurinjal. Blug nangkuban, terus rada nyuuh.

"Waaaw!" Encu ngagorowok tarik pisan ditompokeun kana ceuli monyét. Berebet Encu lumpat, ngejat ngajauhan monyét, cara batur-baturna anu geus ngarejat leuwih ti heula.

Koréjat monyét hudang, dalugdag-daligdeug panonna beureum, buringas. Luak-lieuk, berebet lumpat tarik pisan ngudag-ngudag musuhna, bari siga satengah teu éling. Kerewek Idan katéwak. Kék ditangkeup. Gurinjal-gurinjal Idan nerÉjél ngalesotkeun manéh tina tangkeupan monyét, anu geus mimiti pakupis nyakaran dibarung jeung cékrah-cékroh sagala rupa.

Idan kadengkék pisan awakna, gebut dibeubeutkeun.

"Aduh !" cenah. Kerewek ditéwak deui awakna disedekkeun kana gawir, rék digégél, teu bisa walakaya.

"Euy tulungan, euy! Monyét ngamuk euy, bahaya yeuh!" Idan aduregeng teu kuat nahan hompétan monyét.

Gorowok baé kokolot téh ngageroan, bari rék nulungan Idan.

"Otik! Otik! Otik! Euy manéh téh lain monyét!"

Kulapés baé monyét téh ngulapes, leuleus ngalesotkeun mamangsana, gek diuk, bluk nyuuh. Gek diuk deui bari gigisik. Bray, bray, nyah panonna rada beunta, bengras. Cageur jadi monyétna sarta di ganti ku Idan, cara tadi diusapan seug diparancahan téa.

KALI-KALI KONÉNG

Béntang di langit baranang. Bulan buleud belenong sagedé piring. Najan peuting, kaayaan caang ngempray teu béda ti kaayaan beurang.

Barudak di lembur, sabubarna ti pangajian téh teu buru-buru sararé, tapi ngadon arulin heula di buruan. Arulin sasukana sakaresepna, ngabubuhan sapantar sapantar. Imok, Iyot, Odang, Éja, Wéwén, Dasih, Kacih, Dar'ah jeung Saman ngariung di buruan. Riuanganana ngawangun buleudan. Leungeunna pacekel-cekel. Mun dina acara kaulinan pramuka atawa olah raga mah "membentuk lingkaran".

"Kabeneran awéwéna aya genepan, ari lalakina aya tiluan, nya?" cék Imok ka batur-baturna." Urang Kali-kali konéng, raresep maranéh?"



"Resep! Resep! Resep!" témbal baturna mani raéng.

"Heug atuh ari resep mah, ku kami rék dibilangan heula, ditunjukan bari dikawihan, déngékeun!" cék Imok bari clé nangtung di tengah-tengah buleudan, kawas guru rék mingpin kaulinan murid.

"Saha-saha anu katunjuk pangpandeurina bareng jeung tungtung kawihna, éta nu jadi tukang ngalina, nya!"

"Enya, enya, ngarti!" témbal batur-baturna bari rada mundur ngarah buleudanana rada ngagedéan.

"Geura pok atuh ngawihanana!"

"Ké, déngékeun!" cék Imok bari ngong ngawihan dibarengan nunjukan batur-baturna nu geus alijigimbrang.

"Cing cangkowék

jambu bitung jambaria

cicing di nu poék

irung mancing aya nu nyampa!"

"Si Odang tukang ngali! Si Odang tukang ngali!" cék sareréa. Lantaran nya manéhna nu katunjuk bareng jeung tungtung kawih téa.

Odang teu kalékéd, clé ka tengah ngaganti Imok. Jleng ngajleng ngadeukeutan Si Wéwén. Gog cingogo, bari cukal-cokél, kurah-koréh kana taneuh deukeut indung suku Wéwén, sarta ngomong ngecewis, pokna, "Kali-kali konéng, kali-kali konéng. "

Ditaranya ku batur-baturna anu narangtung, "Naha konéng aing dikali?"

Ditémbalan deui ku Odang, "Piubareun budak!"

Ditanya deui, "Naon budakna?"

"Hulu lisung!"

"Naon pangasuhna?"

"Jurig beureum kukuncungan!"

"Iiii.....kasieun uing!" cék batur-baturna bari buriak tina buleudanana. Tapi teu lila gancang kumpul deui, sarta Si Odang tuluy pacekel-cekel mangrupa buleudan deui, sarta Si Odang tuluy nepakan taktak babaturanana dipapay saurang-saurang bari ditanya,

"Ieu sampayan naon?"

"Sampayan baju!" témbalna. Pindah kana lebah siku,

"Ieu sampayan naon?"

"Sampayan karémbong!"

Tuluy nepak kana peupeuteuyan,

"Ieu sampayan naon?"

"Sampayan oray!"

"Ka dieu aya jalan?"

"Euweuh, aya ogé tegalan cucuk salak!"

"Ka mana atuh ari jalan ka luhur?"

"Ngapung!"

"Ka mana jalan ka handap?"

"Nerus bumi!"

Geus kitu Si Odang ajol-ajolan kawas nu rék ngapung, padahal ngawahan néangan pijalaneun keur lumpat kaluar tina buleudan. Rék ngajleng hésé, rék ngaléngkah teu bisa da puguh pager buleudan batur-baturna beuki parageuh, kékép kawas ranté. Rék moncor teu bisa lolos, kalah ngudupruk da babaturanana leuwih gedé tanagana jeung pinter ngahalangan. Tapi lila-lila mah Si Odang bisa ogé ngencar tina kurungan da ranté baturna kabeneran aya nu lesot atawa pegat, da hantem diteumbragan ku Si Odang.

Sanggeus Si Odang leupas, rareureuh sakeudeung. Der ngariung deui. Giliran Éja ngawihan ti jero buleudan, pokna,

"Cing cangkowék
jambu bitung jalan besar
cicing di nu poék
irung mancing aya nu nyakar!"

Geus kitu, cara iangan kahiji baé, nyebut kali-kali konéng, disambung ku silihtanya, silihjawab téa, sarta ngencar tina bébénténgan buleudan téa.

Geus carapéun mah heureuyna kakara areureun.

NGAWIHAN TÉTÉNGGÉK

"Ijah! Ijah! Asuh budak yeuh, Ema rék ka cai!" cék indungna.

Si Ijah lumpat ti pipir imah, geuwat nyampeurkeun indungna bari nanya, "Naha rék ka mana kitu ari Ema, bet nitah ngasuh?"

"Har apan itu seuseuheun sakitu ngahunyudna. Kudu buru-buru diseuseuhan bisi euweuh pikeun salin!" témbal indungna.

"Yeuh budak ais, bebenjokeun sing anteng, da Ema tangtu lila di caina. Bawa ka mana baé budak mah, bebenjokeun malar anteng!" bari morosotkeun budak tina aisanana, dipindahkeun ka Si Ijah.

Budak téh kalah ceurik, bari teterÉjélan hayangeun ka indungna deui anu geus ngaléos ka dapur, rék ngaringkid wadah kumbaheun jeung seuseuheun.

"Yu urang tuturkeun Ema nya bageur, urang milu ka lebak!" cék Ijah bari ngadeungdeung-deungdeung adina anu ceurik dina aisanana, tuluy nuturkeun emana anu rék indit ka cai.



Kawantu di pilemburan, tampilan téh anggang ti imah, kudu nyorang tanjakan atawa pudunan, galengan sawah atawa kebon jeung sajabana.

Indungna geus nurugtug ka lebak dina pupudunan ka tampian téa. Ari Ijah mah ngan ukur nepi kana sisi kebon boléd anu di sisi-sisina loba tangkal jarong, saliar, hareuga, sintrong jeung sajabana anu masih kénéh ciibunan, ngadago murag atawa kasorot ku cahaya giwangkara dina wayah haneut poyan.

"Geus urang pegat di dieu baé nya Ucu, Ema mah!" cék Ijah ngabangbalérkeun adina. Tuh urang ka kebon baé, nyampeurkeun batur, keur naraon geura mani tingalacreug, ujang-ajleng!"

"Ka dieu Ijah!" cék Uti ti lebah kebon béh lebak. "Teu kabita ngala téténggék, keur ngabebenjokeun budak lewéh, heug urang adukeun geura pahideng-hideng!"

"Tah heeh, urang ngala téténggék cara batur, nya Ucu?" cék Ijah bari ngeplok-ngeplok bujur adina, anu masih eueuriheun, can répéh baé.

"Eh eh.....," cenah cék budak, siga nu ngarti kana caritaan lanceukna. Jep jempé ceurikna, sarta tuluy tutunjuk nuduhkeun ka batur anu keur néangan téténggék.

"Geus meunang loba Uti téténggékna?" cék Ijah ngagero ti kotakan pasir.

"Wah karék tilu siki," témbal Uti ti lebak.

"Loba-loba teuing atuh, uing ménta hiji!"

"His, moal, néangan baé kadinyah, tah lebah dapuran saliar, piraku euweuh nu keur moyan, atawa nu keur ngarayap ogé!" témbal Uti.

"Ih, ari si pedit!" cék Ijah rada keuheuleun.

"Tah aya mani gedé, meunang uing ogé hiji!" cék Ijah.

"Rada lobaan atuh ngalana, urang adukeun. Urang kawihan, anu saha atawa anu mana nu panghidengna!" cék Uti bari nérékél ka pasir nyampeurkeun Ijah.

"Yu ah, urang bawa ka buruan, di buruan baé ngawihanana ogé!" cék Uti.

"Heug, hayu, uing gé ngan meunang tilu, sugan harideng sakieu ogé!" cék Ijah.

Ijah jeung Uti tuluy haranjat ka pasir rék ka buruan imah, dituturkeun ku batur-baturna nu séjén aya kana opatanana, anu sarua leungeunna ranggém nyarekelan téténggék.

Barang nepi ka buruan, pok Ijah nanya, "Saha nu rék ti heula ngadukeunana?"

"Uing ti heula, ngalayan jeung Ito," cék Titi.

"Pek atuh cekel téténggékna, acungkeun!"

"Titin jeung Ito nyarekelan téténggék diacungkeun bari pok dikawihan, bagilir patémbaran, mimitina Titin ti heula ngawihan:

"Téténggék, téténggék
kuda Pérsi keur anakan
Téténggék-téténggék
Kuda Pérsi keur anakan!"

"Wah ngedul euy, keur ngalulungkut, molor kénéh meureun téténggék manéh mah, sakieu geus moncorong panon poé. Mumul bijil, ngahékok baé di jero imah!" cék Ito ngajÉjéléh Titin anu téténggékna teu daék bijil najan geus dikawihan ogé.

"Geura nu uing mah yeuh," cék Ito tuluy ngawih :

"Téténggék téténggék
kuda lumping rarawisan
Téténggék téténggék
kuda lumping rarawisan
Téténggék Ito ogé angger teu daékeun bijil, ngelol ti imahna.

"Euh bareuki molor, karebluk nu maranéh mah!" cék Uti. "Geura yeuh tenjokeun nu kami!" bari pok ngawihan téténggékna nu diacungkeun,

"Téténggék téténggék
pangantén keur didangdanan
Téténggék téténggék
pangantén keur didangdanan!"

"Hoyah bijil nu kami mah!" cék Uti mani atoh. Téténggékna ngelolkeun huluna, tuluy beuheungna beuki lila beuki rada panjang sarta tandukna ogé duanana rarancung siga diutak-utek, resepeun dikawihan ku Uti.

"Ké kari kami atuh, ulah begér sorangan!" cék Ijah sieun éléh ku batur, pok ngawihan téténggék nu manéhna:

"Téténggék téténggék
pangantén kembang goyangan
Téténggék téténggék
pangantén kembang goyangan!"

Pecenghul hulu téténggék nu diacungkeun ku Ijah ogé bijil, tandukna utak-utek lir anu igel-igelan, resepeun ku dikawihan.

"Meunang nu kami ogé nya lah. Sok saha deui nu rék nandingan!" cék Ijah.

Breng barudak téh ngarawihan téténggékna babarengan. Adi-adina anu keur diasuh téh aranteng da kabébénjokeun.

SISIREUMAN

Dina awal taun limapuluhan, kuring sok heureuy kieu téh. Mangsa sok resep ngarit sabada budalan sakola di SD jeung reureuh sakeudeung. Acim, Ukar, Uju, Otih jeung Mari sobat-sobat medok dina waktu ngarit téh. Duka naon sabab musababna nu matak ieu kaheureuyan disebut sisireuman. Ari jigana mah pédah mirip-mirip kana kagotong-royongan atawa digawé babarengan, kawas sireum beureum dina taneuh garing ari manggihan bangké cacing sauted ogé sok geuwat néang baturna. Tuluy éta cacing sauted téh babarengan digarotong dibawa kana liang.

Saha nu teu seungguh geura, tengah poé mentrang-mentring kudu ngatrok usrak-asruk néangan jukut kahalodoan. Ana rajeun manggih jukut nu ngémploh sajumlah, dikepeng pahibut ku genepan. Saha-saha nu rada seukeut aritna bari pinter ngaritna, nya manéhna nu gancang meunang jukut keur eusi carangka. Tapi kawegah jeung kahoréam téh bisa ilang musna kaganti ku karesep nu ngagumbirakeun. Lamun carangka kaeusian macak-



macak satengahna séwang. Acim sobat nu panggedéna sok ngagegedugan.
"Urang sisireuman yu!"

"Hayu!" témbal kabéhan.

"Sakeupeul séwang baé heula nya, da jukutna keur hararése dikoréhanana! Tuh teundeun wé gundukkeun handapeun tangkal cau, ambéh kaiuhan bisi aya nu elat ngaritna. Sok urang hompimpah heula, saha nu meunang jadi indungna," ceuk Acim.

Nu genepan ngariung bari nangtung, leungeun kénca nyarekel arit dikatukangkeun, leungeun katuhu dikaharéupkeun, diriungkeun, tuluy diputerkeun bari bareng hompimpah rada dikawihkeun.

"Hompimpah, waliwahompimpah.....!" Nu limaian dampal leungeunna bareng ditangkarakkeun ari Ukar bet nangkub dampal leungeunna téh.

"Ukar indung! Ukar indung..... Hayu urang buru-buru ngagundukkeun jukutna!"

Bring pasulabrengan, nu ngalér, nu ngidul néangan jukut téh, tapi teu jauh tina tangkal cau geus ditangtukeun pikeun neundeun jukut téa.

Teu lila geus jul-jol deui daratang marawa jukut sakeupeul séwang, disaksian ku "indung" sabagé mandor. Sok jukut nu sakeupul séwang téh digundukkeun dina hiji tempat anu geus ditangtukeun téa.

Lamun jukut geus aya genep keupeul kaasup meunang indung, kakara si indung téh nyalinker ka nu rada buni, nyumput, néangan jukut carulang ge nep gagang. Anu sagagang, tungtung gagangna dicangreudkeun. Tuluy gagangna sina rarancung ka luhur. Tuluy si indung téh dirariung ku limaian. Jukut carulang téa dikaharéupkeun.

"Antaré baé nya, ulah parebut nyokot carulangna!" cék indung bari ngawih,

"Nyuh, nyéh, nyuh nyéh anu sunyah ngabelenyéh, pris.....!"

Saréréa cug-ceg nyarékel carulang anu masih dikeupeul ku indung, sagagang séwang.

Barang bray ramo indung muka, ger saréréa surak, "Horseh, Oti meunang, Oti untung, Oti ayeuna indungna.....!"

Oti gancang ngarawu jukut nu digundukkeun ti genepan bari pasemon marahmay. Bes, bes jukut téh di kana carangkakeun manéhna.

"Ayeuna mah urang dua keupeul séwang, nya!" ceuk Oti anu kapeto jadi indung sanggeus aya milik meunang carulang nu nyangreud gagangna téa.

"Jadi lah ambéh térah pinuh.....!" ceuk babaturanana bari tuluy ngararit dua keupeul séwang.

Kitu jeung kitu baé meunang sababaraha entragan nepi ka saréréa pada ngarasa jadi indung. Anu pareng mujur mindeng jadi indung, carangkana térah muncung, rancung ku jukut. Ari nu rada naas tolombongna molongpong baé. Tapi ari dina lagu balik mah, anu meunang téh tara ieuh genah-galeuh ieu aing, sok ngadagoan heula ka nu éléh, anu terus ngadeluk kénéh ngarit, bari subat-sabet, sumprang-simpren mantuan, minuhan carangka sakeupeul-keupeuleun, nembongkeun rasa satia kawan, solidaritas.....

Méméh Asar barudak téh baralik ti pangaritan semu galumbira, aya anu nyuhun carangka, aya nu ngagandong ku pangais lalayu sekar.

"Isuk mah urang di Pangjebolan ngarit téh nya!" cék Mari.

"Heeh, ambéh resep sisureuman dina handapeun tangkal muncang!" jawab Oti.

"Sugan pareng.....!" témbal barudak lalaki méh bareng.

UCING BELING

Wanci haneut moyan di pilemburan.

Kolot-kolot awéwé-lalaki mah rariab, aya nu ka sarawah, aya nu ka karebon. Atuh kaayaan di lembur téh tiiseun da ditaringgalkeun téa. Anu aya ngan barudak nu umurna antara lima nepi ka tujuh taun, caricing di buruan bari ngarasuh adi-adina.

"Urang ucing beling, yu!" ceuk Marni ngajak batur-baturna.

"Hayu!" témbal Ipah, Aah jeung Wiwi méh bareng.

Bring barudak anu opatan téh néangan beling sasemplék séwang, beling piring, mangkok, cangkir, pinggan jeung sajabana nu barodas, boh dicét boh polos.

Ari geus mareunang tuluy diketrékan ku batu sina laleutik pisan. Sesemplékan anu rada alus diarah, dijarieun kojo, hiji séwang.

Sajaba ti éta barudak téh pada néangan rokrak anu méncos tungtungna, hiji séwang deuih. Éta téh pikeun nyokél taneuh dina jero kalang anu diasupan



beling sabogana-sabogana, sina dikoréhan ku sing saha anu keur jadi ucingna.

Ari geus saradia kakara barudak téh nangtung ngariung, kabéhna aya opatan.

"Sok leungeunna pareureupkeun, urang bilangan heula," ceuk Marni.

Barudak mareureupkeun leungeun katuhu, bari disodorkeun ka haréup. Ku Marni dipapay dipepegan ku peureup bari ngawih :

"Plak plik plek

blang bling bleng

nu katepak pandeuri

ngajleng!"

"Ipah jadi ucingna!" ceuk nu séjén. "Jig geura nyumput. "

"Heug," témbal Ipah bari berebet lumpat nyumput di pongpok dapur.

"Meungpeun nya, ulah nenjo! Licik, teu kaci!" ceuk Marni.

"Jadi lah!" témbal Ipah.

Marni nyieun kalang buleud leutik di buruan.

"Sok urang di dieu baé tempat belingna! Pek nyarokél, sing buni ngaruangna!" ceuk Marni.

Marni, Aah jeung Wiwi mimiti nyarokél taneuh, dina jero kalang téa, bus belingna diasupkeun tuluy diruang.

Geus kitu nyarokélan deui saliang séwang, lian keur ngalieurkeun, sangkan beling nu diruang dina liang nu asal teu gancang kacokél ku ucing.

"Enggeus?" sora ucing ngagero ti panyumputan.

"Encan!" témbal nu tiluan.

"Enggeus?" ceuk ucing sakali deui. "Enggeus!" walon Marni. "Sok geura ka dieu."

Ipah jol lumpat ti panyumputan, tuluy cingogo nyanghareupan kalang, diriung ku nu tiluan.

"Pek geura koréhan!" ceuk Marni.

Rada lila ogé Ipah ngoréhan beling dina jero kalang téh bari dirariung. Gok kana liang nu palsu, gok kana liang nu palsu.

Teu lila aya nu kacokel hiji.

"Tah beunang hiji, anu saha?" ceuk Ipah.

"Alah anu uing!" ceuk Aah, pangheulana kapanggihna.

Lamun beling anu disumputkeun geus kapanggih kabéhanana, kakara ucingna diganti ku nu belingna kapanggih pangheulana téa.

"Aah ayeuna ucing....." ceuk sareréa.

"Heeh. Heug pek nyumput, tapi ulah lalila teuing nya ngaruangna, da kesel meungpeunna!" ceuk Aah, bari léos nyumput di pipir imah.

Lila pisan barudak téh arucing-ucinganana.

Eureunna téh lamun adi-adi asuhanana kaburu careurik, atawa kolotna aya nu datang.

PACICI-CICI PUTRI

Bada Isa Mang Sa'i diuk di tengah imah bari ngabaheuhay, sukuna nyanghunjar lambar, ngareureuhkeun capé tas baranggawé. Pamajikanana keur ngécos, ngérodan baju barudak na deukeut cempor.

"Cing Inah aya kénéh bubuy sampeu téh?" Mang Sa'i ka anakna nu cikal, anu umurna nincak 8 taun jalan.

Inah ngaléos ka dapur, hideng mangnyokotkeun bubuy sampeu tina catang hawu, citéh haneut dina téko jeung gula beureum meunang ngurud, dipiringan. Golosor dikahareupeunkeun bapana.

Indungna jongjon kékécos, bapana jongjon ngopi cacamuilan, bubuy sampeu dicocolkeun kana kurud gula disurung ku citéh haneut. Sakeudeung sakeudeung diselang ku imut ngagelenyu, ngadéngé barudakna sadulur-dulur, Inah, Titi jeung Didi ngariung di juru imah, anteng pacici-cici putri. Pikaseurieun ku kekecapan Inah, anu jadi luluguna.

Inah jeung Titi diukna émok, Didi sila andekak.



Dampal leungeun Titi jeung Didi disodorkeun duanana kénca-katuhu, ditangkubkeun sina antel kana palupuh, tuluy ditunjukan, ditetel-tetel ku curuk Inah bari ngawih:

"Pacici-cici putri
térélék kembang celempung
ada nona ada tuan
kalau mau kembang apa.....?"

"Hayang kembang naon?" cék Inah nanya ka Titi bari nyekel kana leungeun katuhu Titi.

"Hayang kembang sebé.....!" témbal Titi.

"Heeh.....kabogohna ka anak Mang Lebé ... !" ceuk Inah bari tuluy nyekel leungeun katuhu Titi téa sina nyangsang kana taktak.

"Héhéhéh....." Didi seuri. "Aduuuh..... kabogohna anak Mang Lebé cenah ! Héhéhéh"

"Keun baé atuh, naha.....!" cék Titi anu boga rasa dijangjaruhkeun, bari seuri merong ka Didi.

"Sok urang tuluykeun.....!" cék Inah bari ngawih deui:

"Pacici-cici putri

térélék kembang celempung

ada nona ada tuan

kalau mau kembang apa?

"Hayang kembang naon?" bari nyekel leungeun Titi nu kénca.

"Hayang kembang bakung.....!" cék Inah bari menerkeun leungeunna sina nyekelan taktak anu sabeulah deui.

"Heeh, kabogohna Tua Kampung."

"Sing rékép nya, ulah lésot! Ayeuna kari Didi"

Pek deui Inah ngawih saperti tadi ditungtungan ku nanya, "Hayang kembang naon?"

"Hayang.....hayang.....hayang kembang hérbras!" Didi ngajawabna rada agag-agagan.

"Heeh.....alus, kabogohna urang Cibodas!" Didi jigras, bari reureundeukan, tuluy nyangsangkeun leungeun kénca kana taktak katuhuna, miheulaan parentah lanceukna nu ngaluluguan.

"Sok hiji deui, leungeun Didi nu kénca, encan..," cék Inah bari ngong ngawih deui. Tamat ngawih, pok nanya deui, "Hayang kembang naon?"

"Eu.....eu.....hayang kembang jalantir.....!"

"Tah, kabogohna anu musapir!" témbal Inah.

"Ah embung nu musapir mah, da urang mah hayang beunghar!" cék Didi bari nyentak ka lanceukna.

"Heeh, heug, ganti atuh.....jaga bakal jadi supir.....!" cék Inah.

Didi seuri atoh, indung bapana patingbelenyéh, kayungyun.

Sanggeus Titi jeung Didi pada-pada nyarangsangkeun leungeunna kana taktak masing-masing, tuluy Inah nanya deui ka Titi bari nyampaan siku, sirah, irung, panon, halis jeung buuk Titi.

"Ieu naon?" cék Inah kana siku Titi.

"Congcot!" témbal Titi.

"Ieu?" kana sirah.

"Gunung!"

"Ieu?" kana irung.

"Hawu!"

"Ieu?" kana panon.

"Lampu!"

"Ieu?" kana halis.

"Hileud!"

"Ieu?" kana buuk.

"Sapu!"

Geus kitu Titi téh sina meungpeun ku dua leungeun tuluy ditanya deui ku Inah, "Nini! Nini! Aya Mas Giman bieu ngaliwat?"

"Aya!" témbal Titi.

"Mawa naon?"

"Mawa nangka.....!"

"Nangka.....raaaak.....!" cék Inah bari ngajengkangkeun Titi sina nangkarak.

Barudak saleuseurian tingbarakatak. Tuluy deui Inah nanya ka Titi anu geus meungpeun sakali deui, "Nini ! Nini ! Aya Mbok Ayu bieu ngaliwat?"

"Aya!"

"Ngagandong naon?"

"Ngagandong jajamu!"

"Jamu.....rauuuulll!" cék Inah.

Tuluy Titi disurakan ku Didi, "Euleuh jamuraul! Euleuh teu boga kaéra!"

"Keun baé da bobodoan barina ogé, naha.....!" ceuk Titi.

"Ayeuna Didi" cék Didi bari nangkepkeun leungeun kénéh kana taktakna sina ditataan ditanyakeun naon-naonna, tina siku dipapay nepi kana buuk ku Inah, saperti basa ka Titi. Tamat éta, Didi tuluy meungpeun, terus ditanya ku Inah, "Aki! Aki! Aya Mang Usa bieu ka dinya?"

"Aya.....!"

"Nanggung naon?"

"Nanggung gula!"

"Gu.....la.....wing.....!" Inah nyekelan leungeun Didi duanana, tuluy digulawingkeun, dijangjang-dijungjungkeun, bari nangtung.

"Aduh! Aduh! Nyeri, mani ngaderekdek! Luhur teuing ngajungjungkeunana Si Euceu, siah!" cék Didi bari lewa-lewé.

"Sugan téh teu nyeri. Maap, nya, kalepasan!" Cék Inah. "Ganti baé ku tatarucingan, saha nu pinter neguhna, cing....." Inah ngabangbalérkeun Didi anu rék ceurik téa.

ALUNG BOYONG

Sakapeung mah hawa di pilemburan téh sok kacida tirisna. Pikeun nyieuhkeun katiris téa barudak sok arulin di buruan anu rada lega. Kaulinanana nu rada énténg tapi ngaluarkeun tanaga nepi ka awak jadi haneut, nya éta boyong gandong. Jajauheun ari matak juuh késang mah. Ieu mah sakadar ulah ngahodhod kawas anu kabulusan wé.

Saméméh prung budak anu jadi luluguna nyieun balbalan heula ku lamak butut. Dibuleud-buleud tuluy dibakutet ku tali malar pageuh teu babari udar.

Baladna dibagi dua jajar. Balad jajaran kahiji ngajréngjréng di beulah kidul, balad kadua di beulah kalér, paharéup-haréup jeung balad kahiji. Sukuna narincak kana kalang nu anyar digurat.

Kabeneran anu arulin téh aya sapuluh urang, jangkep. Jadi sabaladna opat-opatan kalima lulugu.

"Uing hayang ka Épon! Uing hayang ka Épon!" cék sawatara barudak paribut bari maruru nangkeup Épon anu anggeus nyieun bal-balanana.



"Ih, ke lanan!" cék Épon. "Ulah licik pada hayang jadi balad uing kabéh. Engké bisi moal puguh!"

"Heueuh, ambéh teu beurat sabeulah!" cék Enoy, pilulugueun nu kadua. Mending urang tunjukan bari dikawihan. Anu katunjuk lebah "teung" éta balad uing, nya?"

"Pék baé, kitu ogé!" cék Épon, bari metakeun baterna rada ngariung.

Pok Enoy ngawih bari nunjukan,

"Tok tar taliung tali eunteung

tai kotok dina gantar

diriung ku adi beuteung!"

"Ijah ka uing!" cék Enoy bari nungtun Ijah sina nangtung di tukangeunana. Pok deui ngawih bari nunjukan nepi ka opat balikan malar beunang balad opatan. Nu jadi balad Enoy nya éta, Ijah, Tarsih, Uén jeung Ibuy, ari balad Épon, Euis, Imon, Iyut jeung Ipah.

"Adil kieu mah nya, teu galedé sabeulah teu leutik sabeulah, nu gedéna duaan-duaan nu leutikna nya kitu kénéh!" cék Épon.

"Heeh, kawas beunang ngahaja!" témbal Enoy. "Cig geura ngajajar dina kalang beulah kalér!" Enoy nitah ka Épon jeung baladna.

Balad Épon ngajajar beulah kalér, dina kalang téa. Balad Enoy dina kalang beulah kidul. Sanggeus paharéup-haréup, tuluy luluguna suten.

"Hiji, dua, tilu!" cék Épon, ngaluarkeun cinggirna ari Enoy indung leungeunna.

"Uing nu meunang, sabab gajah mah éléh ku sireum!" ceuk Épon jigrah.

Ari ceuk Enoy, "Har, apan indung leungeun mah gajah, moal enya éléh ku sireum, cinggir?"

Épon, "His, indung leungeun mah gajah, éléhna ku sireum, cinggir. Sireum éléhna ku jelema, nya éta curuk, engke jelema kakara ku gajah apan!"

"Aéh enya nya," jawab Enoy bari seuri.

Belenyeng Épon lumpat ka tungtung kalang baladna beulah katuhu.

"Uing nu ti heula ngalung balna. Manéh nu nampan, nya!" cék Épon ka Enoy.

"Heueuh!" témbal Enoy bari indit kana tungtung kalang kéncaeun baladna, nyanghareup Épon anu anggangna aya kana 8 méterna.

"Awat urang mimitian, yeuh tampanan balna!" cék Épon bari ngalungkeun balbalan ka Enoy, ku Enoy kasanggap, ber dialungkeun deui ka

balad Épon. Ku Iyut disanggap, ber dialungkeun ka Ijah, lawanna. Ijah kurang tapis, balna teu katéwak, lasut.

"Horéh, urang boyong! Uing gandong!" cék balad Épon raéng bari alajrag-ajragan pédah meunang.

Balad Enoy kapaksa kudu ngaboyong, salayanna-salayanna digandong dipindahkeun tina kalang beulah kalér ka beulah kidul. Balad Enoy diandih tempatna ku balad Épon.

Geus kitu prak deui silih alung silih sanggap balbalanana. Angger, saha-saha anu teu bisa nampanan bal jadi kudu ngagandong balad musuhna.

Sanggeus meunang 9 - 10 balikan karasaeun capéna, kakara ulinna arenggeusan, diluluguan ku Enoy bari lumpat, "Beungbeung euy, beungbeung!"

"Beung kahiji jadi haji," cék Épon bari nepakan hariguna balas ngagandong Enoy nu gembrot.

"Beung kadua jadi raja!" cék Ijah.

"Beung katilu jadi ratu!" témbal Euis.

"Beung kaopat jadi ménak!" cék baterna, bari buriak lalumpatan rék baralik ka saimah-imahna.

UCING BATU

Pukul dalapan isuk-isuk, atawa leuwih anteb mun disebut murag cireumis cék budak lembur mah, bring barudak nu geus harideng mah arindit, aya nu ngélék carangka, tolombong jeung nyoréndang bureuleung.

Dasa, Uju, Asé, Arip jeung Endun harita ngaritna mapay-mapay walungan Cihideung.

Kulantaran jukutna ngarémploh héjo, atuh barudak téh teu kudu lila, pukul sapuluh ogé geus beubeunangan. Carangka, tolombong jeung bureuleung geus daretet, maruncung pinuh ku jukut anu samakbruk, kayaning bayonah, gagajahan, tali said, alipan, kembang balong, jukut dérbi jeung sajabana.



"Euy, kabeneran can beurang-beurang teuing ayeuna téh!" cék Dasa anu nyuhun carangka. Ulah waka baralik cék déwék mah, anggursi urang ngarojay heula di Gupit Limus, ambéh seger kana awak! Eukeur mah hareudang deuih déwék mah!"

"Heug baé, asal ulah lila teuing da uing mah kudu ngarit deui engké. Acan ngangon deuih, engké bada Asar!"

"Heeh, heug baé!" cék Dasa, "Nu séjénna arék marilu?"

"Nya kumaha ragemna baé, ngan ulah marijah teuing, jeung ulah mareléng bisi aya lulun samak! Da sanget cenah baréto mah Gupit Limus téh

cék indung déwék!" cék Ase bari ngaguprakkeun carangka anu disuhun, cangkeuleun.

Barudak anu limaan téh laju baé ka sisi Gupit Limus, paranti ngojay barudak. Jukut bareubeunanganana ditarunda di sisi gupit, tuluy cucul-cucul baju jeung calana. Jleng, gÉjébur, jleng, gÉjébur.....barudak jleng-jleng nungtut tuturubun ngarojay patengah-tengah, papinter-pinter lalangkarakan babalapan ti hilir ka girang, papalidan ti girang ka hilir, mareuntas ti sisi beulah dieu ka beulah ditu atawa ngojay ngurilingan sabudeur gupitan, palila-lila teuleum atawa papinter-pinter icikibung disambung ku pepérangan, silih simbeuh, silih cemplang.

"Ganti ah heureuyna, urang ucing batu geura!" cék Asé ka batur-baturna.

"Bener euy! Tah urang éta, karesep déwék éta mah! Sok geura naréangan batuna, anu rada galedé wéh, ambéh gampang ngarampaanana," cék Endun.

Barudak téh pada naréangan batu pilihan, anu buleud leucir, lésang supaya teu nyugak lamun katincak.

Sanggeus mareunang batu hiji séwang, tuluy ngarariung narangtung di tengah-tengah gupitan, pada-pada nyarekelan batu, satengah dikambangkeun, lempengan cangkéngna, nu kakeueum ku cai.

"Geus saradia kabéh?" cék Dasa. "Ke urang bilangan heula ku déwék!"

Pok Dasa milangan, nunjukan batur-baturna bari ngawih:

"Cing cangkowék aya jeungjing teu akaran, cicing di nu poék hulu anjing dicakaran!"

"Si Arip ucing!" cék saréréa méh bareng.

"Jadi lah!" cék Si Arip anu katunjuk palebah nyebut "dicakaran" cék nu milangan téa.

"Cing rada lila teuleumna Rip, batu nu déwék can kaburu disumputkeun!" cék Endun.

"Pris!" cék Dasa.

Lep ucing téh teuleum, rada cingogo, barudak nu séjénna geuwat papinter-pinter, pabuni-buni nyumputkeun batuna dina dasar gupitan, sangkan teu babari karampa ku ucing.

Teu lila ucingna mucunghul deui bari ngusap panonna, rénghap-rénghap eungapeun.

Manéhna nanya, "Arenggeus euy?"

"Enggeus! Pris, geus téangan!" cék barudak nu opatan méh bareng.

Geus kitu tuluy ucing ngurilingan sabuder gupit ngarampaan batu anu babaturanana dina jero cai Sakapeung dongko jiga nu kokodok bogo, sakapeung lep teuleum di nu rada jero, pucunghul deui ka luhur siga séro tas néangan lauk.

"Lalicik euy ah, baruni teuing nyumputkeunana meureun!" cék ucing anu panonna geus beureum, ari batu can kapanggih hiji-hiji acan.

"Sapabodo-sapapinter baé, ngaranna ogé ucing-ucingan! Hayoh téangan deui buru-buru, ulah waka ngokok!" témbal Endun nambah-nambah piambe-keun ucing.

Teu lila aya nu karampa ku ucing téh, tuluy diacungkeun ka luhur ku dua leungeun bari ngomong, "Tah euy, beunang hiji, nu saha yeuh? Nu Si Endun, sidik rada karadak!"

"Alah heueuh, nu déwék nya kapanggih pangheulana!" cék Endun ngaku bari rada kuram-kireum semu nu éra pedah tadi tas moyokan nyebut ngokok ka ucing.

Teu kungsi sapuluh menit ti harita mun diwaktuan mah, ucing téh pinter, bangéan néangan batu anu disarumputkeun téa, nungtut kapanggih hiji hiji. Ari enggeus kapanggih kabéh kakara Dasa tatan-tatan rék milangan deui keur ngaganti ucing anu enggeus tadi.

Kitu jeung kitu baé nepi ka meunang sabaraha rintakan kabagéan jadi ucing sakali séwang.

"Geus ah, tiris! Déwék mah mani noroktok kieu kalilaan teuing di cai!" cék Asé bari tuluy hanjat ka darat, rap dicalana.

"Naon euy, licik Si Asé mah, kawas incu embé baé talukan ku cai! Licik ari déwék keur ucingna mah," cék Si Endun bari rada baéud.

"Heeh ah, kajongjonan teuing heureuy uing ge, sieun dicarékan ku ema, mangkaning téréh Lohor, ari jukut kakarék saiangen ogé can nepi ka imah!" cék Uju bari nuturkeun Asé.

Sanggeus haranjat kabéh, tuluy dibaraju deui, jung nyaruhun jukut sabogana-sabogana, bring baralik pairing-iring.

CACAUAN

"Urang cacauan yu.....!"

"Hayu.....! Hayu.....! Hayu.....!"

Ulah duaan tiluan cacauan mah, tapi kudu leuwih ti opatan, leuwih réa, leuwih resep, leuwih ramé, kitu tah sapuluh atawa duawelas urang, supaya nu jadi cauna réa, ngarah ucingna lieureun.

"Saha ucingna?"

"Ulah hompimpah, lila, ku kawihan baé."

Breng ngawih bareng. Gegedug kudu nunjukan nu rék miluan saurang-saurangna. Anu katunjuk panungtungan, kudu tarima jadi ucing.

"Cing cangkeling manuk cingkleung cindeten
plos ka kolong bapa Satar bule.....neng!"

"Maman ucing! Maman ucing!"



Maman kudu tarima jadi ucingna. Nu séjén nyieun buleudan pakaél-kaél leungeun. Ucing ayeuna dipager ku cau nu pacantél-cantél. Ucing kudu di-peungpeunan panonna, ku saputangan sing buni, kahadé teu meunang licik!

Cau nu mager ayeuna kudu nyebutan ngaranna hiji-hiji.

"Di dieu cau Ambon.....!"

Tuluy ditema ku cau Raja, cau Ampyang, cau Kepok, cau Manggala jeung sajabana. Ucing kudu tenget kana sora ngaran rupa-rupa cau tadi.

Ayeuna pager cau téh kakawihan bari ngurilingan ucing anu ngajeten di tengah.

"Leuleuleui leui leuleu leuleuyang ...

Cau kuring gedé panjang

Sina asak dina lombang.

Ucing nempas, "Ayeuna arék ditéang! Mun geus asak rék diludang.....!"

Cau tingcikikik, ucing lieureun rarampa. Gog pager cau téh naragog, jep jempe. Cau gegedugna nanya, "Héy, saha éta nu cinutrong di dinya?"

Ucing : "Di dieu cocodot!"

Cau : "Arék naon loslos ka dieu?"

Ucing : "Kapan arék néang cau sugan geus karonéng!"

Cau : "Kesed kénéh, can aya nu konéng, sieuh sieuh!"

Ucing api-api rék indit, "Jeun teuing ah ari can asak mah, ayeuna arék indit baé masing jauh."

Pager cau jempé, masih naragog, ucing rarampa ngarampaan sirah cau. Gap ka nu saurang.

"Yeuh asak cau Ambon seungitna mah!" Ger surak.

"Horséh Utang jadi ucing! Utang ucing ... Ayeuna Utang kudu tarima jadi ucing!"

TIMPUGAN

Pukul satu beurang Ujé jeung Usa baralik ti sakola. Bari leumpang maranéhanana badami lantaran isukna poé Minggu.

"Ari manéh kudu sabaraha iangan ngarit dina poé Minggu isukan téh?" Ujé nanya ka Usa.

"Ari biasana mah kudu tilu kali iangan, ngan kusabab aya Mang Uho, keur nyemah di landeuh bari rék bunta-bantu ka bapa uing, sagawé-gawé, nya tangtu mantuan ngarit deuih. Ku kituna cukup uing mah dua iangan ogé," témbal Usa.

"Sarua atuh ari kitu mah jeung uing," témbal Ujé semu atoh.

"Palolohor ogé jigana urang téh geus bisa ulin, nya?" bari neutep ka Usa.

"Heueuh jigana, tapi rék ulin ka mana jeung heureuy naon atuh? Ucing-ucingan bosen, ngadu panggal geus rék teu usum. "

"Har, naha ari manéh can nyaho nu keur haneut mimiti obyag di lembur wétan?"

"Acan. Naha usum naon karah?"

"Geus mimiti ramé timpugan, kolot budak taya nu kaliwat, pada-pada pipilueun!"

"Euh, ngadu muncang? Naha geus usum muncang kitu ayeuna téh?"

"Nya enggeus meureun di lembur batur mah, nu matak kitu ogé."

"Di lembur urang mah jauh tangéh kénéh, muncang bapa uing nu di sampalan Cikaréo ogé haréjo kénéh pisan!"

"Heeh, teu nanaon sanajan kitu ogé. Urang nurutan batur. Matak naon mun isukan urang ngarit ka sampalan Bah Ido, pasireun séké urang lembur kidul? Mun teu salah mah geus karolot muncang Bah Ido di dinya téh."

"Meureun urang kudu rebun-rebun kénéh indit ka dinyana, ngarah ulah kapiheulaan ku batur mulungan muncangna? Saha nu nyaho paheula-heula atawa babalapan cara muru pangsuungan dina usum hujan!"

"Teu nanaon kitu ogé. Urang panggoréjagna. Keun baé ngala jukut reumisan kénéh ogé da moal burung dihakan ku domba uing mah, tara olo-olo

kawas domba Si Wita. Jeung deui sugan aya milik urang meunang muncang sapuluh siki séwang mah, ambéh jongjon rada lila timpuganana, nya?"

"Jadi lah, kitu ogé. Uing sampeur isuk-isuk kénéh pisan, nya!" Keun baé teu ngasah aritna heula ogé da seukeut kénéh rarasaan mah, meunang ngasah mangkukna!"

"Heug!" Ujé mengkol ka beulah kénca, nyimpang ka palebah lemburna. Ari Usa terus lempeng da lemburna masih kénéh rada anggang, di béh tonggoh.

Isukna poé Minggu téa, isuk-isuk kénéh pisan Ujé geus nyampeur ka Usa. Nu disampeur teu hararésé da geus saged, dangdan maké baju paranti ngarit. Léos ka pipir kandang domba. Top kana tolombong jeung arit. Tuluy arindit ninggalkeun lembur.

"Ari manéh geus mumuluk heula?" Ujé nanya ka Usa.

"Ah, acan," témbal Usa. "Acan nginum-nginum acan uing mah. Da dicaram ku Ema, ulah ditumanan barangdahar isuk-isuk cenah, bisi peujit ko-réseun. "

"Heueuh da uing ogé nya kitu, can naon-naon. Keun baé itung-itung puasa, nya! Jeung deui urang téh naha ngan rék duaan baé ngarit téh? Moal nyampeur batur nu séjén deui?"

"Na jeung saha deui atuh, enggeus baé duaan."

"Tadina mah uing boga pikiran rék nyampeur Si Ulo, tapi kapan lain rék ngarit-ngarit teuing ayeuna téh, rék mulung muncang pikeun timpugan téa. Jadi mun loba batur mah meureun urang ngan ukur meunang saeutik. Jeung deui Si Ulo mah geus pinter timpuganana ogé, geuning basa taun tukang urang éléhan baé, mindeng karorod meunang kumpal-kempil sambilan ngarit téh."

"Heueuh kétéh, mending urang duaan baé atuh nya! Yu atuh urang rada gancangan leumpangna, bisi beurang mantén!" Ujé miheulaan leumpangna rada rurusuhan.

Leumpangna malibir ka sisi pilemburan, bras ka tegal eurih, sup ka kebon awi. Teu lila narepi ka sampalan Bah Ido téa.

"Tuh geus karolot nya, muncangna téh!" cék Ujé bari tanggah kana sawatara tangkal muncang nu rajeg dina sampalan.

"Heueuh nya," témbal Usa. "Sugan baé geus réa nu marurag, " bari rusuhan muru ka handapeun tangkal muncang nu panggedéna, sieun kapiheulaan ku Ujé.

"Tah geuning manggih hiji mani gedé!" cék Usa, bari top nyokot muncang nu nyelepot dina sela-sela jujukutan, kawas endog hayam sasiki dina sayangna. Tuluy diénéng-énéng ka Ujé bari jigrah pisan. Bus baé dikana tolombongkeun.

"Tah uing gé manggih hiji! Tah hiji deui!"

Kitu jeung kitu baé patémbaran bari uclag-aclog tina lebah tangkal muncang nu hiji ka nu hiji deui, sirikna saider sampalan kapapay kabéh. Beubeunanganana téh leuwih ti sapuluh siki séwang.

"Yu ah, urang buru-buru indit ti dieu!" cék Ujé bari bret-bret ngarit sakeupeul dua keupeul, bus dipaké ngarimbunan muncang dina tolombongna.

"Bisi kanyahoan ku Bah Ido, pajarkeun urang bangsat muncang, padahal saukur meunang mulungan nu murag ku manéh," cék Ujé.

"Bener, mun kaperego téa mah abong mun teu hut-hét bari ngawakwak! Adat Bah Ido téa matak lilinieun keur pantar urang kieu," témbal Usa. Bretbret deui subrat-sibret ngeusian tolombongna bari laleumpang.

Teu lila tolombongna geus parinuh. Tuluy disaruhun. Baralik bari barungah sabab jukut meunang, muncang ogé meunang.

Datang ka lembur muncang téh diparesékan.

Tuluy diparoé dina luhur kandang domba sina garing ambéh tambleg mun dipaké timpugan.

Geus rada garing tuluy dikosokan, sina leucir, lésang. Bari ngadagoan rada beurang, barudak téh arindit deui ngarit rusuhan pisan da hayang téréh beubeunangan, hayang geura timpugan.

Méméh lohor geus baralik deui. Sarta sanggeus dalahar, Ujé jeung Usa nyarakuan muncang meunang moé téa rék diadukeun. Jig ka buruan anu rata tur lénang.

"Mana kojo nu manéh? Sok réndéngkeun jeung nu uing!" cék Ujé bari nyekel kokojona nu gendul.

"Ieu!" témbal Usa, bari ngaréndéngkeun kokojona ka nu Ujé.

"Gedé uing lah, uing nu meunang, nu kudu nimpug ti heula!" cék Ujé rada seuri.

"Jadi lah," cék Usa bari nunda kojona dina taneuh nu rata téa.

Belétak kojo nu Usa ditimpug (ditinggang) ku kojo nu Ujé sataker tanaga. Cleng kojo Ujé rada ngacleg deui ka gigir, rada nyolédát, kurang tambleg.

"Giliran uing deui ayeuna lah!" cék Ujé gedé haté. "Karuat nya kojo téh, sakitu nimpug sataker tanaga can aya nu rengat-rengat acan, boro-boro ka remuk. Ayeuna geura lah nu manéh bakal bencar. Naon tumpanganana? Duit nya lima pérak séwang?" Ujé bangun ujub pisan.



"Ah entong diajar tumpangan ku duit sagala, budak kénéh urang mah. Apan can bisa ngarah. Jeung bisi tuman nepi ka gedé. Ku muncang deui baé nu babari. Tong sieun teu dibayar ku uing ogé, yeuh muncangna mérékis kénéh dina saku!" témbal Usa rada atar.

"Kitu hadé lah, seug awaskeun yeuh!" Belétak nimpug deui kojo nu Usa. Anéh kojo nu nimpug nu peupeus téh. Racleng jadi tilu.

"Walah jadi nu déwék euy nu bencar!" cék Ujé rada beureum beungeut.

"Matak ge ulah waka ujub. Sok bayar ka dieu! Kojona ganti deui, urang mimitian deui adukeun!" cék Usa bari ngagelenyu, atoh.

Kitu jeung kitu baé, bagilir silih timpug. Anteng pisan, nepi ka carapéunana, da puguh teu kaganggu ku pagawéan séjén, ngaritna geus

cumpon dua iangan téa. Eureun-eureun sotéh bubuhan geus capé sarta Usa kaburu béak muncangna pareupeus jeung dipaké mayaran ka Ujé.

"Keun baé ayeuna éléh, sугan isuk meunang. Hujan gé sok aya raatna. Nu mujur ogé sok aya naasna....." cék Usa bari rada mentegeg, sabab dipoyokan baé ku Ujé anu bungangang loba muncangna. Keur maén isukan teu kudu hésé capé deui kukurusukan rebun-rebun.

Léos baé ka carai marandi. Isukna di lembur éta jadi ramé ku nu tarimpugan kabawakeun ku Ujé jeung Usa.

UCING SUMPUT

Lamun kabeneran saralsé, barudak anu sapantar duaan, tiluan atawa leuwih sok arulin ucing-ucingan di buruan. Ucing sumput, susumputan atawa ucing hong disebutna téh, sabab lamun budak anu keur nyumput heug kapanggih ku ucing, ucing téh sok gentak nyebut "hong" sarta nyebut ngaran nu nyumput kapanggih téa, tuluy lumpat paheula-heula ka tempat pameungpeunan ucing, atawa sasayangan.

Saméméh der ucing-ucingan, barudak téh sok ngariung heula narangtung deukeut pisayangeun anu ditangtukeun, upamana tangkal jeruk garut anu jadi di buruan. Mimiti dibilangan heula ku budak nu panggedéna, ditunjukan ku curuk bari dikawihan:

"Cing cangkeling
manuk cingkleung cindeten
Plos ka kolong
Bapa Satar buleneng.....!"

"Si Ajum ucingna!" cék Didi anu ngaluluguan, lantaran waktu nyebut "buleneng" meneran nunjuk ka Si Ajum.

"Heeh nya, Si Ajum ucingna! Pek geura meungpeun dina sayang! Sing buni meungpeunna, ulah meungpeun ayakan!" cék baterna nu séjén bari tuluy pasulabrengan nyarumput pabuni-buni, aya nu di pipir imah, di pipir leuit, di kolong imah, di pongpok dapur, di pipir kandang domba, dina sela-sela dapuran cau jeung sajabana.

"Enggeus?" ceuk ucing bari meungpeun dina deukeut tangkal jeruk téa.

"Enggeus!" témbal salah saurang nu nyumput.

Tuluy ucing téh ingkah tina sayang rék néangan anu keur nyarumput. Panonna teu weléh taki-taki bisi kapoosan, aya nu ngabongohan ngandih sayangna teu kaburu ka "hong" keun.

"Ulah baruni teuing atuh nyarumputna!" ceuk ucing nu geus rada lila kukurilingan néangan anu keur nyarumput téa, teu kapanggih baé.

"Kikirikik!" cenah, cék Si Ahya méré tangara panyumputanana di kolong imah.

"Hong tah, Si Ahya di kolong!" cék ucing bari dongko nempo kana palebah sora kikirikik téa. Tuluy lumpat tipaparétot muru muntang kana sayang sieun kapiheulaan ku Si Ahya.

"Meunang urang, ti heula eunteupna!" cék ucing.

"Heeh lah, déwék éléh, jaba sirah bancunur tidagor kana darurung euy!" cék Si Ahya bari ngusapan sirahna nu nyeri.


"Kukulukuk.....!" aya sora diempétkeun ti dapuran cau.

Srog ditéang ku ucing ka lebah dinya, teu lila ucing ngagorowok, "Tuh Si Didi dina dapuran cau! Hong beunang!"

Bérébet balap jeung ucing paheula-heula ka sayang.

"Heula déwék!" cék Si Didi bari rugah-regéh, capéun.

"Wah pinter! Tuda tarik lumpatna silaing mah!" cék ucing rumasa éléh jajatén.



"Sok buru-buru, téangan nu séjénna ulah ngendog atuh!" cék Didi anu gek diuk dina golodog awahing ku capé.

"Sing baruni euy nyumputna, bisi kaambeueun ku ucing! Ucingna ogé ngendog! Téang geura endogna, geus sabaraha hiji dina sayangna?"

"Cing korolok bodogol cau
ucing ngokok boolna bau!"

Cing gogog, digogog anjing

Ucing nagog siga rék ngising.....!"

cék Si Ahya jeung Didi mapanas ucing.

"Sing awas euy éta aya ucing nyasab! Kadé euy kadé, aya ucing leuweung.....!"

"Cing dul, put lér,

ucing ka kidul nu nyumput mah los ka kalér!"

"Kadé euy, kadé.....!"

Rey beungeut ucing téh beureum, ambek jeung capé jigana.

Lamun nu nyarumput geus kapanggih kabéh, kakara ucing-ucinganana dijadian deui. Anu meunang balap eunteup kana sayang jeung ucing mah, genah, teu kudu milu dibilangan deui, kari nyumput baé, "dipangsiun" cenah.

Anu aréléh kaasup ucingna, ngarariung rék cingcangkling deui.

Ari geus ngarasa carapéun kakara enggeusan.

"Beungbeung euy ah, beungbeung.....!" ceuk Inoh, "Capé uing mah," pokna bari nepakan dada siga nu hareudang.

"Heeh urang ge, beung kahiji jadi haji.....!" témbal Uta bari lumpat tina panyumputanana, maturan Inoh, gék dariuk dina golodog, ngaréndéng.

"Ah naon bet lalicik geuning, waka arenggeusan!" cék Uti anu keur jadi ucing tuluy nguriling néangan anu can beungbeungan.

"Beungbeung urang ge.....!" cék Didi bari norojol ti kolong leuit.

"Beung kagenep sing salamet.....! Enggeusan baé déwék ge, bongan ucingna ngendog.....!" cék Ahya tina dapuran cau.

Ucing-ucinganana arenggeusan. Bari ngareureuhkeun capé barudak téh sok tuluy tingrariung deui bari ngahareureuyan ngageuhgeuykeun ucing anu pangpandeurina, raéng karakawihan:

"Saha euy ucingna?

apan éta anu keur depa.

"Di mana euy depa

apan éta na sayangna.

Poé Ahad sasadia

Poé Senen ngahénén

di Salasa rambasbas

di Rebo rambaokan

di Kemis rambisbis
poé Juma'ah bebenah
poé Saptu kakara arék ngajuru!"

"Tuh euy ucingna nyumput di juru. Jauhan, jauhan, tong digamahan bisi nyakar ngaherengan!!"

Dikarawihan kitu téh ucing mah ngan bati ambek nyedek baé nu aya, teu wanieun ngalawan ka batur-baturna, saukur némbal, "Paduli naha, barina ogé da ucing bobodoan, moal jadi ucing nyaan.....!" cék ucing nu épvs méér bari lewa-lewé rék ceurik.

Lamun ucing-ucinganana waktuna nyedek ka Magrib, anu beungbeung téh sok nyebut, "Beungbeung euy, geus burit sieun disumputkeun jurig!"

"Beungbeung kadua ... sieun aya sandekala ... !"

"Beungbeung ti kolong sieun dirawu kélong ah geus burit.....!"

Barudak téh tuluy bubar, aya nu ka carai rék bebérésih, aya nu tuluy cat ka imah heula, hayang nginum sabab halabhab.

BUBUYUNGAN

Usum halodo kasorénakeun. Sanggeus réngsé kukumbah wadah urut dahar soré, barudak awéwé sok arulin di buruan nu lega. Nya kitu harita ogé di buruan Abah Marsan, anu lega bari lalening lalénglang, barudak awéwé geus karumpul.

"Urang bubuyungan téa nya?" Empar, budak panggedéna nyarita ka babaturanana.

"Enya nu geus dibadamikeun téa, tadi basa keur ngarit," témbal Iyot.

"Tuh geuning geus loba baladna, nungtut daratang!"

"Uing milu! Uing milu! Uing hayang milu ka Iyot. Uing hayang jadi anak Empar!" cék barudak awéwé ribut bari silih tangkeup, sagunduk-sagunduk ngawangun regu. "

"Tong raribut teu puguh, ulah waka parebut indung! Ambéh teu sisirikan mah mending "suten" heula baé duaan-duaan, ke gegedugan ku kami!" cék Empar bari nyangharéup ka Iyot, ngajak suten.

"Suuut-suuut.....!" Empar jeung Iyot sorana ngahéos sada ngahuit, bari leungeun katuhuna dikatukangkeun, tuluy ka hareup, siga rék diadukeun. Iyot nunjukkeun cinggirna, ari Empar indung leungeunna.

"Meunang uing lah, sireum ngalawan gajah!" cék Iyot bari ajrag-ajragan. "Sok saruten kabéhan, nu meunang ka uing, nu éléh ka Empar!"

Breng barudak nu séjénna saruten duaan-duaan. Kabéhanana aya sapuluh urang. Atuh kabeneran jangkep jadi genepan jeung indung dina sareguna.

"Uing regu ka hiji, nya! Manéh ka dua nya Empar! Teu kudu suten deui!" cék Iyot.

"Heug baé lah ambéh téréh," témbal Empar. Pek geura nyieun kalangna!"

Iyot katatang-kotéténg néangan rokrak pikeun nyieun kalang. "Tah manggih rokrak alus yeuh rada seukeut, ké uing kalangna beulah dieu nya, beulah wétan, Empar beulah kulon!"

"Pek baé lah, kumaha manéh baé, uing mah sagala ngéléhan manéh da rumasa bieu éléh sutenna!" cék Empar rada baeud.

"Ulah leutik haté kétah, pédah éléh suten, boa engké, sugan baé aya milik!" cék Itoy balad Empar ngagedéan haté.

"Heueuh nya!" témbal batur-baturna méh bareng bari alijigimbrang hayang geura der bubuyunganana.

Empar ogé ngagurat nyieun kalang tina tungtung buruan beulah kulon. Tuluy anak buahna ngajajar sapanjang kalang, Itoy, Enas, Uning, Wari jeung



Uun, nyanghareup ka wétan. Dina kalang beulah kulon téa. Wati, Inoh, Icah, Apong jeun Idah geus teu genah cicing hayang geura prung.

Anggangna ti kalang ka kalang téh aya kana 12 méterna, rék sarua jeung lapang bulutangkis.

"Awas nya, ulah némbongkeun semu, ulah umat-imut, renya-renyu teu puguh, lamun leungeun manéh pareng kaeusian batu leutik ku uing téh, bisi gampang kateguhna ku indung musuh!" cék Iyot kawas komandan maréntah ka anak buahna.

"Moal! Moal!" baladna réang némbalan bari ngabaris dina kalang, sarta leungeunna digarandongkeun ka tukang kawas barisan anu keur diistirahatkeun.

"Urang der nya!" cék Iyot.

"Pek lah!" témbal Empar ti barisan kulon.

Iyot mimiti mapay-mapay leungeun baladna anu dikatungkangkeun téa. Salah saurang di antarana aya nu diasupan batu leutik anu kudu diteguh ku

Empar di saha-sahana éta batu disimpenna. Inoh rada lila dikuruwek-kuruwek leungeunna ku Iyot, padahal mah mangrupa tipuan, nunda semu, ambéh disangka batu téh disimpenna di dinya, padahal di nu séjén.

"Pris, geura teguh!" cék Iyot, "di saha batu dikeupeulkeunana."

Leng Empar mikir bari melong balad musuhna sugan aya nu béda semuna, sugan gampang kateguhna.

"Icah lah!" cék Empar ngagentak. Maksudna neguh batu ayana dina leungeun Icah.

"Lain! Da ieu di uing!" cék Apong bari ranggah, nembongkeun batu, aya dina keupeulan manéhna.

Empar salah neguhna. Apong kudu ngajleng ka tengah, maju ti babaturanana saléngkah. Mani ngawahan heula ka tukang méméh ngajleng téh.

Apong geus aya dina kalang tengah, ngangseg kana kalang musuh. Pék deui lyot cara tadi ngaguriwek-guriwek dampal leungeun anak buahna, dipapay, tuluy diteguh deui ku Empar. Iangan ieu Empar bener neguhna, nya éta ka Wati. Atuh Wati mah teu bisa ngajleng cara Apong, angger cicing dina kalang kahiji.

Giliran Empar ngaguriwek-guriwek dampal leungeun anak buahna, sina diteguh ku Iyot.

"Sok, saha?" cék Empar nitah neguh ka lyot.

"Enas!" cék Iyot.

"Lain da uing! Ieuh buktina!" ceuk Uning bari nembongkeun batu leutik.

Uning ngajleng saléngkah ka tengah.

Lila ti lila silih teguh silih angseg, barisan lyot rada heula ka hareupna. Ari rék kana "garis pinis" pisan, Iyot neguhna mindeng nyalahan. Sedengkeun barisan Empar geus réngsé ngarajleng bari nyicingan kalang nu Iyot di sisi beulah wétan téa. Atuh lain dikieuna balad Empar jaligrah pisan pédah meunang dina iangan kahiji.

"Sabuyung! Sabuyung! Urang meunang! Urang meunang! Hoyah, urang gandong! Urang gandong!" cék balad Empar.

Regu Iyot kapaksa sumérah kudu ngagandong layanna saurang-saurang. Digandong dipindahkeun ka kalang beulah kulon.

Bubuyunganana néma kana iangan ka dua, jadi malik, asal nu beulah wétan kudu baris di beulah kulon. Kitu baé meunang sababaraha rintakan. Eureun-eureun sotéh kaburu kasapih ku Magrib, digeroan ku kolot-kolotna sina geura warulu tuluy ngaraji ti tajug.

PAPANGGALAN

Papanggalan mah kaulinan atawa karesep budak lalaki anu umurna rata-rata 6 nepi ka 15 taun. Waktu ulinna ti beurang atawa pasosoré. Panggalna dijieun tina kai anu tareuas, saperti jambu batu, jambu aér, nangka, jeruk bali, jeruk garut, galinggem jeung sajabana. Supaya babari tuhur atawa garing sarta lamun panggalna keur muih bisa disada, ngahiung.

Panggalna teu béda ti jambu batu, endog meri atawa siki jambé. Dirautan dilemes-lemes ku hampelas. Sawaréh mah sok aya nu dibubut sagala rupa, mani lemes tur leucir balas ku dikosokan jeung diusapan. Disebutna panggal aseupan.

Dina palebah bujurna atawa buntutna dipaku meunang motong pepentulna supaya dempes. Aya ogé sawatara panggal nu pakuna siga kampak. Sina gepeng jeung seukeut kawas kampak. Ambéh dimana ditinggangkeun kana panggal nu batur bisa bocél atawa nepi ka beulah.

Cara muihkeun panggalna, panggal téh dibeulitan ku tali rara atawa lamak ti mimiti tungtung paku dina bujurna nepi ka lebah awakna rada kabulen kabéh. Tungtung rara téa ditalikeun sina menyendul geusan pamageuh, heug dicapit ku sela-sela jariji jeung cinggir. Hulu panggalna dicekel ku indung leungeun, ari lebah pakuna ditahan ku curuk anu katuhu. Tuluy dialungkeun rada dibeubeutkeun ka hareup kira-kira dua léngkaheun bari rada dicentok atawa dikenyedkeun. Panggal téh muih ari rarana ngarumbay tina leungeun. Lamun pareng panggalna teu muih disebutna lasut atawa paéh.

Lamun panggal nu keur muih téh dieurad tur rada diapungkeun, prak disanggap atawa ditampan, éta disebutna diunda.

Papanggalan mah tara ngahantem saban waktu tapi aya usumna. Rata-rata dina usum hujan munggaran sok aya buruan anu lening da kekebul jeung kokotorna kabawa palid ku cileuncang. Tah di nu kitu barudak sok resep nyieun kalangna téh. Ambéh atra buleudanana. Di jero kalang panggal téh dita-reundeunna. Digundukkeun ku sing saha anu rék ngadu (maén) panggal.

"Boga sabaraha hiji silaing panggalna, Jé?" omong Oyek ka Ejé.

"Ah, ngan boga sasiki uing mah," walon Ejé.

"Hih, naha atuh lain mawa sérep dua-tilu siki mah. Kumaha kéh, lamun beletak kabeneran beulah sakali jadi ditinggang ku panggal "Si Gangas". Beunang ngampak bieu haneut kénéh yeuh," omong Oyék bari ngénéng-ngénéng panggal ka Éjé.

"Wah, tong sombong kitu lah, kumaha engke baé prungna. Ayeuna mah acan der-der acan papanggalanana ogé. Barina ogé uing mah teu kabita ku panggal beunang ngampak téh. Sok sieun negtog kana suku, matak cilaka. Atuh mun nyeceb kana panggal batur, matak piomongeun deuih," témbal Éjé ulatna rada bangkenu.

"Tong waka paréa-réa omong, teu hadé!" cék Idris, misah. "Sok urang mimitian baé. Geus aya lima geuning ieu téh."

Prak nyieun kalang buleud ku paku panggalna. Gedéna kira-kira sagedé cécémpéh.

"Sok atuh geura taralian panggalna!" cék Idri, ngaluluguan.

Babaturanana anu opat, Aléh, Ibo, Oyék jeung Éjé geus ngarariung buleudan téa, nurutkeun omongan Idris.

Panggalna geus dicarekel. Kari prung, medi atawa ngamimitian, "Hiji, dua, tilu.....," ceuk Idris. Ngong sareréa ngawih:

Tung - tung - brung Kali tanjung
Barangbang kali parangpang
Padakutik padasemprung

Brak brak
Bulu lutung panjang rubak
Ditepak tepak ku budak
Padakutik padasemprung.

Breng panggalna diparuihkeun dina jero kalang téa, bareng.

Panggal Éjé paadu jeung panggal Ibo. Beletak cleng panggal Éjé ngacleng tuluy paéh. Panggal Ibo mah muih kénéh sakeudeung.


"Kapaksa euy, déwék jadi kutikna," cék Éjé.

"Keun déwék jadi mandor kutik," cék Ibo, da muihna ngan sakeudeung. Tuluy nyaksian panggal Aléh, Idris jeung Oyék anu masih kénéh maruih di jero kalang. Teu lila golépak nu Aleh paéh disusul ku nu Idris.

"Hahahahah.....déwék jadi Raja," cék Oye ngagakgak bungah, sabab panggalna muih pangleletna.

"Déwék kabeneran jadi Patih, Si Aléh, Mantri nya?" cék Idris bari nalian deui panggalna.

Kutik atawa Mandor kutik kudu pangheulana muihkeun panggalna.



Mimiti Éjé anu muihkeun panggalna téh. Ditimpah (ditinggang) ku Ibo. Panggal Ibo kabeneran teu muih. Atuh pangkatna téh kapancal ku Éjé. Panggal Ibo jadi pada nimpugan ku Mandor kutik, Mantri jeung Patih. Kabeneran anu narimpuganana ogé teu maruih. Atuh opat panggal kapaksa digundukkeun dina jero kalang, sina ngagalolér.

"Hahahahah.....Déwék nu mujur. Jadi Raja kudu ninggangan panggal saopat-opat. Pulen. Abong mun teu nyeceb téh. Maseuk kana panggal maranéh....." Oyek bangun ujub naker.

"Tenjokeun boa aya nu bencar ku déwék," bari nyakakak bungahna leuwih ti misti. Asa aing nu pangpunjulna.

"Pek lah geura timpah. Buktikeun tah panggall déwék nu pangtengahna," témbal Éjé nu teu wéléh ngarasa keuheul ku Oyék.

Oyék taki-taki rék nimpah panggall nu opat téa. Koléang, beletak panggall Oyék muihna tibalik. Pakuna jadi ngacung ka luhur. Geerr..... pada nyaleungseurikeun. Pada nyurakan.

"Hore aya Raja teu berek muihkeun panggall-panggall acan," ceuk Éjé asa punah kakeuheulna.

"Wah meureun baé kurang kenceng nalianana," cék Oyék bari top kana panggallna, ditunda dina jero kalang. Pada nimpugan ku opatan.

"Karunya, nya, aya Raja turun harkatna sababaraha tahap, nepi ka nu panghandapna," Éjé mapanas Oyék.

"Keun baé da kudu pada ngasaan kagiliran jadi rahayat. Kumaha capéna jeung ripuhna nyokot panggall sorangan. Mérésan nu batur, digundukkeun dina jero kalang. Nyokot nu ngacung jauh. Acan kudu kokorondangan ka kolong imah, jaba loba tai kotok deuih anu kacagap. Ripuh jadi Kutik mah. Teu cara jadi Raja puguh gé. Ngan kari ninggang nu batur wungkul," cék Idris.

"Heueuh jeung enyana kitu," sambung Ibo. "Keun urang angon Raja sombong téh. Urang kékéak, sina ngarasakeun."

Ari diangon téh nya éta, panggall Raja dihantem pada ninggangan sina kaluar tina jero kalang. Panggall nu ningganganana ulah nepi ka teu muih atawa paéh. Supaya nu diangonna anteng, rada lila. Lamun aya nu teu muih, éta nu kapaksa ngaganti jadi Kutikna. Ngaganti nu keur diangon.

Oyék beungeutna bareureum sabab éra pada mapanas. Katurug-turut diangonna lila deuih.

Geus kitu panggall Aléh negtog kana tatapak imah Bah Asih, atuh teu muih. Panggall Aléh kapaksa ditawan, dikerem ka jero kalang.

Beungeut Oyék kaciri rada marahmay deui da kabeneran rék nimpug, jadi Mandor kutik.

Sanggeus pada kagiliran jadi Kutik, papanggallan téh enggeusan. Geus carapeeun.

Anu tadi rada panas, rék paraséa téh jadi rarapih deui. Da kitu biasana ari jeung babaturan mah.
